

KRITÈ SELEKSYON DONATÈ VIVAN

Kritè Enklizyon: Donatè Vivan Potansyèl (potential living donor, PLD) la dwe:

- Gen 18 lane oswa pi gran
- Te fè premye kontak ak sant transplantasyon an pou ekspriye yon enterè pou fè don
- Gen konpatibilite ABO ak resevè potansyèl la epi gen yon match kwaze (crossmatch) negatif (transplantasyon enkonpatib soti nan donatè ak gwoup sangen A2/A2B pou al jwenn resevè gwoup sangen B yo kapab fèt san danje annakò ak direktiv pwogram lan yo)
- Gen yon To Filtrasyon Glomerilè estime (estimated Glomerular Filtration Rate, eGFR) $\geq 80\text{mL/min/1.73m}^2$, ki kalkile ak fòmil CKD-EPI, oswa klerans kreyatinin $\geq 80\text{mL/min}$ apre yo te ajiste pou Zòn Sifas Kòporèl (Body Surface Area, BSA)
- Kapab konfòme avèk yon rejim terapetik & swivi pou yon minimòm de zan apre don a.

Kontrendikasyon Absoli: Donatè vivan potansyèl la eskli si li satisfè nenpòt nan kritè ki annapre yo:

- Li alafwa gen mwens pase 18 ane epi mantalman enkapab pran yon desizyon enfòmè
- VIH
- Epatit C Aktif
- Maliyite Aktif, oswa pa trete konplètman (eksepte kansè po ki pa melanòm)
- Prèv enfeksyon egi ak sentòm (jiskask li rezoud)
- Tansyon wo oswa istorik tansyon wo ki pa kontwolab ak prèv domaj nan ògàn sib nan fen sikwi sikilasyon san an (end organ)
- Dyabèt
- BMI > 35
- Maladi reno-vaskilè oswa anomali enpòtan ren oswa iwolojik
- Maladi atè kowonè oswa maladi valvilè kè ki asosye ak risk ogmante pou operasyon
- Maladi ren ki gen ladan PKD otozomal dominan
- Tibèkiloz ki pa trete
- Istorik twonboz, twonboanboli oswa maladi kowagilasyon
- Maladi ki egzije anti-kowagilasyon
- Twòp itilizasyon alkòl
- Itilizasyon sibstans ilegal/ki pa preskri
- Maladi sikyatrik dyagnostikab ki pa kontwole ki mande tretman anvan don an, ki gen ladan nenpòt prèv tandans swisidè
- Sispèk anpil gen presyon ki fèt sou donatè ak/oswa echanj finansye ilegal ant donatè ak resevè
- Gwosès aktyèl oswa mwens pase yon ane apre akouchman

Kontrendikasyon Relatif: Yo pral evalye donatè vivan potansyèl la ak anpil atansyon pou nivo risk si nenpòt nan sa ki annapre yo prezan:

- Pwoteyiniri > 300 mg pwoteyin nan 24 èdtan koleksyon pipi
- Epatit B Kwonik
- Tansyon wo ki trete ak medikaman
- Istorik famiyal pou dyabèt
- Istorik pyè-nan-ren
- Istorik famiyal pou Maladi Ren Polisistik (Polycystic Kidney Disease, PKD)
- Fimè aktif
 - PLD dwe dakò pou sispann fimèn omwen 4 semèn anvan operasyon don an
- Prèv ke don an ta ka lakòz gwo difikilte finansye
- Lòt kondisyon medikal ki nan opinyon ekip donatè a, mete donatè a nan yon risk ki pa akseptab pou pwoblèm medikal swa pandan operasyon an swa apre don an